Той қосықларының ишинде бет ашар дәстүри толығы менен импровизациялық усыллар арқалы дөретиледи. Бет ашар айтыўшының ишки руўхый дүньясындағы қайнап атырған толғаныслы ойларының жарыққа шығыўы усы дәстүр тийкарында пайда болады. Олардың көркем әдебий дөретиўшилик устаханасында тайын логикалық схема, поэтикалық көркем тил, көркемлеў қураллары ҳәм усыллары болады. Мине, усы схемаға өзиниң дөретиўшилик тәжирийбесинен, көркем поэтикалық дүньясынан импровизациялық усыллар арқалы атқарып шығыўға ерисе алады.

**Әдебиятлар**


1. Исмайлов Е. Ақындар, – Алматы: ҚМКӘБ, 1956.
2. Мақсетов Қ.Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери. – Нөкис: «Билим», 1996.
3. Қарақалпақ фольклоры (көп томлык). T.V. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1980.


**РЕЗЮМЕ.** Мақолада қорақалпоқларнинг қадимий ва ҳозирги жараёнидаги тўй қўшиқларининг импровизация дастури билан ижро этилганлиги сўз этилади. Қорақалпоқ фольклорида дастур қўшиқларининг бир тури «Бет ашар» (Келин салом) дастури аждодларимиздан мерос бўлиб келаётган этнофольклор оғзаки ижод намунаси. «Бет ашар» дастурининг импровизация усули билан ижод қилингани мисоллар билан баён этилади.

**РЕЗЮМЕ.** В статье говорится, что свадебные песни в древнем и современном процессе каракалпаков исполняются с импровизационной программой. Разновидность программных песен в каракалпакском фольклоре, программа бет ашар (келин салом) представляет собой образец этнофольклорного устного творчества, унаследованного от наших предков. На примерах поясняется создание программы «бет ашар» методом импровизации.

**SUMMARY.** The article says that wedding songs in the ancient and modern process of the Karakalpaks are performed with an improvisational program. A type of program songs in Karakalpak folklore, the program bet ashar (kelin salom) is an example of ethno-folklore oral creativity inherited from our ancestors. Examples explain the creation of the “bet ashar” program using the improvisation method.

## Т.ҚАЙЫПБЕРГЕНОВ ПОВЕСТЛЕРИНДЕ КӨРКЕМ ДЕТАЛДЫҢ ХЫЗМЕТИ
### («Уйқысыз түнлер», «Тәнҳә өзиңе мәлим сыр» повестлери мысалында)

**Қ.Ж.Сәрсенбаев –** *таяныш докторант*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** ёзувчи, повест, бадиий детал, образ, психологизм, бадиий характер.
**Ключевые слова:** писатель, повесть, художественная деталь, образ, психологизм, художественный персонаж.
**Key words:** writer, narration, artistic detail, image, psychologism, artistic character.

Жазыўшы Төлепберген Қайыпбергеновтың прозасында терең мазмун бар екенлигине гуман жоқ. Жазыўшының ҳәр бир шығармасы инсанда психологиялық, философиялық ой-пикирлерди пайда етеди. Жазыўшы повестлериниң идея-тематикасы ҳәр бир китап оқыўшыны өзине тартады. Өйткени, сезимниң ҳәрекети биз шамалағанымыздай, олар улыўмалық сезимлерге жақынласқанда емес, бәлким оларға сиңдирилген сезимлик қабыллаў белгили предмет ҳәм образ дүньясын жаратыўға ҳәрекет еткенде сезиледи. Бизиң сезимлик қабыллаўымыз қаншелли раўажланған болса, бул әлем бизге соншелли гөззал болып көринеди ҳәм биз оны және де анық етип сүўретлеп бере аламыз [4:17]. Демек, жазыўшының қыялында дөреген шығарма қаншелли терең ойланған, жетилискен болса, шығарма формасы ҳәм мазмуны соншелли қурамаласады.

Түсиник әҳмийетли идеялық ҳәм семантикалық функциялардың орынланыўы ҳәм пүтин текстке сезимлиликти жүклеўи мүмкин. Түсиник функциялары психологиялық, сюжетли ҳәм түсиник бериўши болыўы мүмкин. Көркем деталь шығармада тек ғана мағлыўматларды толық жеткерип бериў ушын емес, бәлким, шығарма қаҳарманларының ишки кеширмелерин, ой-өрисин, психологиялық жағдайларын толық ашып бериўде де хызмет етеди.

Деталь – Бөлекше. Өз алдына мәниске ийе бола алмайтуғын, бирақ, образды толықтырыў ҳәм көркемлеў ушын әҳмийетке ийе болатуғын көркем шығарманың бөлекшелери. Мысалы, «Алпамыс» дәстанында Алпамыстың зинданда жатып, жаралы ғазды емлеп, қанатына хат жазып жибериўи, ямаса усы қаҳарманның Култай сүўретине кирип тойға баратырған ҳаяллардың дастурханларын алдастырып алып, аўлақта ишиндеги нан – баўырсақларын жеп қойып пәнт бериўи ҳәм тағы басқа усылларға усаған майда бөлекшелерди көркем шығарманың бөлекшелери десек болады [2:62].

Адам баласы өз өмиринде ҳәр-қыйлы әпсаналар, әңгимелер тыңлаў арқалы недей оғыры дәртли, я оғыры қуўанышлы қайсындай ўақыялардың гүўасы бомайды дейсиз? Олардың ҳәммеси кисиниң есинде қала бергенде, онда оның өз басы бир өзине аўырлық қылып, адымдлар сүрнигип жығыла берер еди. Сол ушында «кимниң яд етиў қәбилети аз болса, ол бахытлы» деген де гәп бар (Қайыпбергенов Т. «Повестьлер», 81-бет).

Жазыўшы Т.Қайыпбергенов өзиниң «Тәнҳә өзиңе мәлим сыр» повестин жоқарыдағы қатарлар менен бийкар басламайды. Ҳақыйқатында да, инсанның есинде ҳәмме еситкен, көргенлери қалабермейди. Ўақыттың өтиўи менен билгенлеримиздиң мәлим бир бөлеги ядымыздан шығады, орнын жаңа информациялар ийелейди. Бизиң қаҳарманымыз Периханда усындай. Оның басынан кеширгенлери инсанның санасына сыймас дәрежедеги ўақыялар болды.

Ҳаслында онша ондай емес. Ҳәр бир ўақыя терең теңиздиң түбине шөккен тас киби бас мийдиң бир шет қуўыслығында ноқат болып жазылып, ўақыттың өтиўи менен жарадардың денесинде қалып қойған қорғасын оқтың бир пытрасы киби, өзинен белги береди... (Қайыпбергенов Т. «Повестьлер», 81-бет)

Төлепберген Қайыпбергенов өзиниң бул повестинде қаҳарман психологиясын үлкен шеберлик пенен дөретеди. Повесть қаҳарманларының арасында жүз берген ўақыялар китап оқыўшыларын ҳайран қалдырады. Палўанның ўақыттың өтиўи менен оқымыслы инсанға айланып, өзиниң ески сүйиклиси Периханның қызы Светланаға үйлениўи, буны билген Периханның ишки дүньясында жүз берген ўақыялары инсанды ерксиз таңландырады. Жазыўшының шеберлиги де мине усында. Ўақыяларды оқып отырып Перихан менен қыйналасаң. Оның тәғдирине ашынасаң.

Перихан суўық суўға жуўынған соң бираз өзине келип, төсестирип қойылған бөлмениң қапысынан ишке кирген пайытта, жайдың төрги дийўалындағы сүўретлери ҳәм олардың қатарында ийинликке кийдирилип турған күтә ескише үлгиде пишилип тигилген айдынлы көйлекти көзлери шалғаны мәттал:

- Сорым!!! – деди болғаны. Басқа тилге келмей, жазық маңлайынан бирден моншақ-моншақ тер шығып, деми қысылды да, дизелеринен ҳал кетти. Жайдың төбеси еденге түсип, едени жоқары көтерилип

баратырғандай мийи аўылжып, түбинен кесилген ағаштай әсте-әстелеп дус төменине жығылды (Қайыпбергенов Т. «Повестьлер», 90-бет)

Бул жердеги көркем деталь айдынлы көйлек. Дурыс, Перихан өзлигинен жығылмады. Бул көйлекте Периханды албырататуғын терең сыр бар. Сол ертеде жаслығындағы өзиниң кийген көйлегине жүда мегзес еди, бул көйлек. Аўылдан шаршап, шалынған қойды зордан көтерип, мәдәри қурып, зордан жетип келген ҳаялдың диңкесин әбден қурытқан еди бул көйлек. Жазыўшы бул айдынлы көйлек деталынан қаҳарманның психологиясын, оның ҳақыйқый ақ кеўил инсан екенин ашып бериўде шебер пайдаланған. Өйткени, китап оқыўшы Периханның өзинен-өзи ҳушсызланбағанын еле усы көйлектиң артында қандай сыр жасырынғанын шамалап түсинеди ҳәм көйлектеги сырды билиў ушын китаптың соңғы бетлерине жеткенше асығыслық пенен оқыўды қәлеп турады.

Көркем шығарма қаҳарманы китап оқыўшының психикасына тәсир етиў ушын жазыўшы көркем образды шеберлик пенен сүўретлеўи шәрт. Т.Қайыпбергенов та өзиниң «Уйқысыз түнлер» повестинде қаҳарман психикасын ашып бериў ушын көркем деталдан шеберлик пенен пайдаланады.

Вераның резинка қоянын алма гезек үплеп ойнадық. Соның арасында балалардың биреўи оның қоянын алып қашпасын ба? Вера «Апа!» деп бақырып жиберди. Жердиң астынан зоңқ еткендей, апасы пайда болды да, қашып баратырған баланың изинен апыр-топыр жуўырып жетип, Вераның қоянын әкелип берди (Қайыпбергенов Т. «Повестьлер», 154-бет)

Бул жерде көркем деталь - резинка қоян. Шынында да, детдом балаларының аўыр турмысын ашып бериў ушын жазыўшы ойыншықты деталь етип көрсетеди. Ата-ананы көрмеген, ҳәттеки бундай жақсы ойыншықты услапта көрмеген кишкене бала, ҳәмме биргеликте ойнап атырған кишкене ойыншық қоянды алып қашыўы хеш бириниң ойына да кирген жоқ еди. Ал, жазыўшы бул қатарлар менен балалардың детдомда аўыр турмыс кеширгенин көрсеткиси келеди.

-Вера қандай бахытлы? – дести балалар оның изинен узақ қарасып.

«Бахыт», «бахытлы» деген сөзлерди балалар көп айтатуғын еди, усы сөзден кейин ғана «бахытлы» деген сөздиң шын мәнисин уққан болдым (Қайыпбергенов Т. «Повестьлер», 155-бет)

Жазыўшы бирғана ойыншық резинка қоянның кишкене бала тәрепинен алып қашылыўы, оның өгей анасының баласының бир аўыз гәпи ушын жетип келип, ойыншығын алып бериўи арқалы, философиялық көз қарасты пайда етеди. Ҳақыйқатында да, бахыт бул жанында жақын инсанларыңның болыўы, олар сениң ушын ҳәмме нәрсеге тайын болыўы десек болады. Бизиң қаҳарманымыз Гүлзар да бахыт не екенин усы ўақыядан кейин түсинип жетеди. Өзи де усындай бахытлы өмир сүриўди қәлейди. Бир ғана резинка ойыншық қаҳарманымыз ҳәм пүткил китап оқыўшылардың ойына бахыт сөзиниң шын мәнисин түсиндирип қойды десек асыра айтқан болмаймыз.

Бир ғана орынсыз сөз шығарманың мазмунын жоқ етиўи мүмкин, ал, өзиниң орнында таўып айтылған сөз болса инсанға өмир не екенин түсиндирип, шығарманың қунын асырып жибериўи мүмкин. Данышпанларда бийкарға «Шекердиң де азы жақсы деп айтпаған».

Гүлзар бахыт не екенин түсингеннен соң өзи де усындай бахытты күтип жасайды.

«Тәрбияшымыз Елена Семеновнадан ара-тура «мениң де апам бар ма? Ағам бар ма?» десем «бар, келип қалады» деп, дәмеленедиретуғын еди. Сол күннен баслап апамның тезирек келиўин күттим. Верадай бахытлы болыўды ҳәўес еттим-дә!

Ара-тура келип кететуғын ата-аналардиң биреўи меники болып, мени де қушақласа екен, әкетсе екен, дейтуғын болдым (Қайыпбергенов Т. «Повестьлер», 155-бет)

Гүлзар усылайынша ата-анасын сабырсызлық пенен күтеди. Бала таңлаўға келген перзентсиз ата-аналардың көзине жақсы көриниў ушын өзине қарап, кийимлерин сулыўлап кийип, бет-қолын қайта-қайта жуўып, шашын тарап әдепли қыз болып жүреди. Деген менен, бирден детдомға ата-анасы келип алып кетпейди. Ҳәттеки, перзент излеп келгенлерде Гүлзарды қәлемейди. Бир күни детдомда мынандай ўақыя болды.

Бир күни бир ҳаял келди, өзи жүдә семиз екен. Толы қанардай десең де болады, тек парқы қыймылдаған аяқлары бар. Ол ҳәммеден өтип келип, мениң қасыма иркилди. Ийегимнен көтерип, бетиме үңилди. Елена Семеновнаға қарады. Ол басын ийзеп, күлимлеп, әлле нәрсени мақуллап турды...

-Поздравляем... – деп атымды айтып үлгерген жоқ, ол ҳаял ийегимди жиберип, үндеместен кетип қалды. «Гүля, ол сениң көзиңди қәлемеди» деп салды қасымдағы бир қыз. Тәрбияшымыз шыдамай, ол ҳаялдың қасына келип: «берман жүриң!» деп ертип кетти (Қайыпбергенов Т. «Повестьлер», 156-бет)

Бул ўақыя жас нәрестениң зейнине тийеди, өмирге деген қызығыўшылығын сөндиреди. Ол шынтлап күткен бахыт енди оған бийгәнаға айланады. Қанар ҳаялдың Гүлзарды қәлемеўиниң баслы себеби, қыздың көзиндеги нуқсаны еди. Оның көзинде жаслайынан қалған дақ бар еди (қызды жаслайында қутқарған ўақтында душпан бомбасының ушқыны тийип гүлли болып қалған). Сол дақ бүгин қызды бахытсыз болыўға алып келди.

Повестте Гүлзардың көзи жасалмалы деп сүўретленеди. Жазыўшы қыздың көзиндеги жасалмалы көзди де көркем деталь орнында пайдаланады. Оның усы көзи басынан қыйлы-қыйлы ўақыялардың өтиўине себепши болады. Егер Гүлзардың көзи гүлли болмағанда оны орыслардың ишинде бири бағып алып, ол Қарақалпақстанға ағасын излеп келмеген болар еди.

Сөзимиз жуўмағында соны айтыў мүмкин, көркем әдебияттағы ҳәр бир орынлы пайдаланылған деталь көркем шығарманың қунлылығын арттырыўда үлкен хызмет атқарады. Шебер жазыўшы көркем деталдан орынлы пайдаланады, ўақыялардың раўажландырыўда әҳмийетлилигин оқыўшыға кеңнен түсиндирип береди.

**Әдебиятлар**

5. Мирзиёев Ш.М. Қонун устуворлиги ва инсон манфаатларини таъминлаш – юрт тараққиёти ва фаровонлигининг гарови. /“Халқ сўзи”, 2016. 8-декабрь.
6. Алламбергенов К. Кең дүняға қушақ ашқан жазыўшы. - Нөкис: „Қарақалпақстан“, 2019.
7. Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамасының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. -Нөкис: «Билим» 1994. 240-б.
8. Потебня А.А. Слово и миф. -М.: «Правда», 1989.
9. Мәмбетов К. Әдебият теориясы. – Нөкис: „Билим“, 1995.
10. Қайыпбергенов Т. Повестьлер. - Нөкис: „Қарақалпақстан“, 2018.

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада ёзувчининг асарларидаги бадиий детал ва улардан маҳорат билан фойдаланиш масалалари ўрганилди. Шунингдек ёзувчининг образ характерини очиб беришда деталларнинг моҳияти кўриб чиқилди.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматривается умелое использование писателем художественных детали и мотивы в своих произведениях. При раскрытии характера писателя учитывалась суть подробностей.

**SUMMARY.** The article discusses the writer's skillful use of artistic details and motifs in the works. The essence of the details was taken into account while revealing the character of the writer.